## 4-ГIА ЛЕКЦИ. Предложени. Предложенин тайпанаш.

### План

1. Предложенин номинативни конструкци

2. Предложенин эргативни конструкци

**Пайдаэца коьрта литература**

1. Халидов А.И., Эдилов С.Э. ХIинцалера нохчийн мотт. Синтаксис: Дешнийн цхьаьнакхетар, цхьалхе предложени. Соьлжа-ГIала, 2023. – 320 с.

2. Навразова Х.Б. Чеченский язык: Описательный и сравнительно-типологический анализ простого предложения. Назрань, 2013. – 306 с.

3. Халидов А.И. Типологический синтаксис чеченского простого предложения. Нальчик, 2004. – 273 с.

4. Джамалханов З.Д., Мачигов М.Ю. Нохчийн мотт. II дакъа. Синтаксис. Грозный, 1985 – 126 с.

5. Халидов А.И. Нохчийн меттаIилманан терминийн лугIат. Соьлжа-ГIала, 2012. – 448 с.

**Лекцехь духьалкхета коьрта терминаш**: *номинативни конструкци, эргативни конструкци, предикаци, эксплицитни, имплицитни, элиминированни*

### 1. Предложенин номинативни конструкци

**Предложенин номинативни конструкцехь** подлежащи цIерниг дожарехь лаьтта. Номинативни конструкцин предложени йу шен чуьра подлежащи цIерниг дожарехь лаьтташ а, предложенин сказуемино цу предложенехь подлежащица барт бо грамматически классашкахь а, терахьехь а, нагахь санна хандош-сказуемин шегахь грамматически классан йа терахьан категори йацахь, цо подлежащина урхалла до. Номинативни конструкцин предложенешкахь долу хандош-сказуеми коьрта долчу декъана кхечуьнга ца долу хандош ду. Номинативни конструкцин предложенеш хила тарло: йаьржина а, йаржаза а, цхьанахIоттаман а, шинахIоттаман а,  кхечуьнга ца йолу предложени а, кхечуьнга йолу предложени а – шен хандош-сказуеми хIоттаман йа ийна хIоттаман а долуш. Масала:

*Сарахь малх дIабузу.*

*Малх дIабузу.*

*Арахь шелйелла.*

*Арахь хIаваъ шийла ду.*

*Султан школе воьду*

*Со кинишка йеша воллу.*

**Хандешан (цхьалхе а, хандешан хIоттаман а) сказуеми долу кхечуьнга йовлу а, кхечуьнга ца йовлу номинативни конструкцин предложенеш.**

1. Шен хIоттамехь цхьалхе сказуеми а, цIерниг дожарехь лаьтта цIердош йа цIерметдош, йа цIеран маьIнехь лелаш кхечу къамелан декъан (лааме билгалдош, лааме терахьдош, лааме причасти и.кх.дI.) подлежащи долу шинахIоттаман номинативни конструкцин предложени:

*Тхан йу**ьртахой** тахана берриге а маьждиге **дIагулбелла**.*

***Тхо** кхана лам чу садаIа **доьлху**.*

*Маьждигехь **гулбеллларш** ламазе **дIахиттира**.*

Цу кепара йолчу предложенешкахь хандош-сказуемино шегахь

а) классан гайтам хилахь даима барт бо подлежащица грамматически классехь:

**в-б**

*КIант воьлу.*

*КIентий боьлу.*

**й-б**

*Зуда йеха*

*Зударий беха.*

**й-й**

*Чов йоьсту.*

*Чевнаш йоьсту.*

**д-д**

*Бер доьлху.*

*Бераш доьлху.*

**б-д**

*Етт боду*

*Бежнаш довду.*

**б)** терахьан категори хилахь, барт бо терахьехь, бартбар нисло кху кепара:

**хандешан классни префикс хийцайаларца**

*Стаг вогIу.*

*Нах богIу.*

*Йиша йоьлху.*

*Йижарий боьлху.*

лардера мукъа аьзнаш хийцадаларца: **о→ов** (хандешан карарчу хенан кепашкахь), **е → ев[оьв]** (хандешан йаханчу хенан кепашкахь)

*Машен соцу.*

*Машенаш совцу.*

*Машен сеци.*

*Машенаш севци.*

лардера мукъазчу аьзнийн комплекс **лл→хк** хийцайаларца

*Гали лаьттахь Iуьллу.*

*Галеш лаьттахь Iохку.*

**орамаш хийцабаларца**

*Стаг воьду.*

*Нах боьлху*

в) грамматически классийн гайтам а, терахьан категори йацахь а, сказуемино подлежашица **барт бо урхалла дарца** – цIерниг дожарехь.

*КIант лаьтта.* – амма: *КIантаца йоI лаьтта.*

*КIентий лаьтта – КIентех бIаьрг бузу мехкарийн.*

2. Шен хIоттамехь хандешан хIоттаман йа ийна хIоттаман сказуемеш долу шинахIоттаман жигара кхечуьнга йолу предоженеш.

Иштта йолчу предложенийн хIоттаман сказуемин хьалхара компонент кхечуьнга долучу хандешан инфинитивах йа деепричастих лаьтташ хуьлу. Нагахь санна и компонент шегахь грамматически классни йа терахьан категори йолуш хилахь, цо классехь а, терахьехь барт бо предложенехь болчу нийсачу кхачамца. Амма предложени шена чохь нийса кхачам болуш хилча а, цу тайпана йолчу предложенешкара подлежащи цIерниг дожарехь а лаьтта, цул сов хандешан хIоттаман сказуемин шолгIачу компоненто, шегахь грамматически классан йа терахьан категори  хилахь, цо барт бо классехь йа терахьехь подлежащица. Хандешан хIоттаман сказуемин шолгIа компонент, дукххахьолахь, лааран йа

лааман, йа гӀуллакх дӀадоларан йа чекхдаларан семантика шегахь йолу хандешнаш хуьлу. Масала:

*Со сайн кинишкаш дӀайохка воллу.*

**(со воллу, киншкаш дӀайохка)**

*Воккха стаг говрана нуьйр тиллина ваьлла.*

*Лулахо рагӀу дан волавелла*

**(лулахо волавелла, рагӀу дан)**

3. Шен хӀоттамехь причастин маьӀнехь лела деепричастин компонентах лаьтта хандешан сказуеми долу кхечуьнга ца йовлу а, активни кхечуьнга йовлу предложенин конструкцеш.

Иштта йолу предложенеш лакххахь йийцинчу номинативни конструкцин трансформаш йу ( хийцадаларш). Иштта йолчу предложенешкахь подлежащица сказуемино грамматически классехь а, терахьехь а гуттар барт бо, хӀунда аьлча деепричастица цхьаьнадалош долу гӀоьнан хандош шегахь грамматически классан а, иштта префикс хийцайаларца терахьан категори а йолуш ду. Масала:

*Тхан йуьртахой тахана берриге а маьждиге* ***дӀагуллуш бу****.*

*Маьждигехь гулбелларш ламазе* ***дӀахӀуьттуш бу.***

*Тхо кхана лам чу садаӀа* ***доьлхуш ду.***

*Бераш лечкъаргех* ***ловзуш бу.***

*Со селхана* ***схьакххаьчна ву****.*

*Кехат стоьла тӀехь* ***Ӏуьллуш ду.***

*Стаг* ***вогӀуш ву****.*

*Нах* ***богӀуш бу****.*

*Йижарий* ***боьлхуш бу.***

*Ваха меттахь дукха* ***Ӏиллина ву*** *хӀокху Ӏай.*

*Цуьнан бераш меттахь дукха* ***Ӏаьхкина ду*** *хӀокху Ӏай.*

*Со сайн кинишкаш дӀа-й-охка воллуш ву.*

**(со в-оллуш в-у., дӀа-й-охка киншкаш)**

*Воккха стаг говрана нуьйр тиллина вер волуш ву.*

**(воккха стаг. вер волуш ву)**

*Лулахо рагӀу д-ан в-ола-в-елла в-у.*

**(лулахо в-ола-в-елла в-у)**

4. ШинахIоттаман номинативни констукцин пассивни предложенеш, сказуемин предикат (хаам бен хандош) шен семмантике хьаьжжана кхечуьнга а йолуш, ткъа формально-грамматически агIонгахьара кхечуьнга а ца йолуш (хIунда аьлча цу предложенешкахь цIерниг дожарехь нийса кхачам ца хуьлу, ткъа объектан маьIнехь йолу форма подлежащи а хуьлий дIахIутту). Цу тайпана йолу предложенеш 1-чу а, 2-чу а пунктешкахь йийцинчу жигара кхечуьнга йолучу предложенийн пассивни трансформаш йу. Кхечуьнга йовлучу предложенешкахь и трансформаци хуьлу шена чохь подлежащи а, сказуеми а, нийса кхачам а бен боцу предложенешкахь. Масала:

***Книга ас йазйина йу.***← *Ас книга йазйина.*

**Дечиг дас доккхуш ду**.←*Дас дечиг доккху.*

**Говр лулахочо йоьхкина йу**.←*Лулахочо говр йоьхкина*.

**Соьга латта ахкало**.← *Ас латта охку*.

**Соьга киншка йазло**. ← *Ас книшка йазйо.*

5. Ша-къаьсттина меттиг дIалоцу номинативни констукцеш йукъахь, цхьаболчу меттаIилманчаша аффективни конструкцин хьокъехь къастийнчу предложенеша.

***КIантана*** *йоI йеза. – датив;*

***Сан*** *сагатло. – генатив;*

***Соьга*** *латта ахкало.*

Кхузахь билгалдоккхур ду – традиционни грамматикехь аффективни (синхаамийн йа хаадаларан) конструкцеш (датив, генатив, локатив), Х.Б Навразовас а шен (Чеченский язык: описательный и сравнительно-типологический анализ простого предложения) , А.И. Халидовс а шен (Типологический анализ чеченского простого предложения) белхашкахь и предложенеш номинативни йу аьлла къастийна.

**ЦIеран хIоттаман сказуеми долу номинативни конструкцин предложенеш.**

ЦIеран хIоттаман сказуеми, вай лакхахь билгал ма-дарра, олу цIеран декъах а (цIердашах, билгалдашах, терахьдашах, цIерметдашах йа церан маьIнехь лелачу кхидолчу муьлххачу къамелан декъах), гIоьнан хандешан хIоттамах а лаьттачу сказуемих а.

Нохчийн маттахь кху тайпана цIеран хIоттаман сказуеми долу номинативни конструкцин предложенеш къаьста:

1. Йаьржина а йаржаза предложенеш, цIерниг дожарехь лаьтта цIердашан подлежащи а, ткъа сказуеми цIеран хIоттаман а долуш. Ткъа сказуемин коьрта компонент

цIерниг дожаран цIердош ду, вовшаххоттар хоттамо а гойтуш, амма и хоттам йукъахбита а тарло. Масала:

*Вахарсолта хьехархо ву.*

*ГIабакх хастом бу.*

*Дешар серло йу, цадешар бода бу*

***Дешар – серло, цадешар – бода.*** бакъдаран, чIагIдаран

*Дика бераш моз ду, вон бераш цIоз ду.*

*Дика* ***бераш – моз****, вон* ***бераш – цIоз.***

*Дика зуда бахам бу, вон зуда бохам бу.*

*Дика* ***зуда – бахам****, вон* ***зуда – бохам.***

*Ча докъар а дац, морза сагIа а дац.* дацаран предложенеш

*Зудчо вина* ***къонах*** *и йаллалц бен* ***вац къонах.***

2. ЦIеран хIоттаман сказуеми , масдаран подлежащи а долу предложени, масала:

*Чохь йерг дIайалар – комаьршалла.*

*Зудчун, майрчун* ***эгIар*** *хи чу Iоьттина гIаж санна* ***хIума ду.***

*Дукха* ***лер дети делахь*** *а,* ***цалер деши ду.***

3. Коьрта компонент билгало гойтучу дашах лаьтта цIеран хIоттаман сказуеми а, цIерниг дожаран цIердош йа субстантив (цIеран маьIнехь лела кхидолчу къамелан декъан дешнаш) подлежащи долу предложени, масала:

*Вина мохк мазал мерза бу.*

*Церан цIенош лекха а, хаза а ду.*

***Урд*** *деха* ***дика ду, мотт*** *боца* ***дика бу.***

4. Масдарх лаьтта цIеран хIоттаман сказуеми а, масдаран подлежащи а долу предложени, масала:

*Нахе ладогIар – Iамар.*

*ХIума хаар – нахе ладогIар.*

5. ЦIерниг дожарехь лаьттачу лаамечу билгалдешнех йа причастех йа церан дешнийн форманех лаьтта подлежащи а, сказуеми а (сказуемин коьрта компонент) йолу предложени, масала:

*Ницкъ **берг** – хьекъал **дерг.***

*Зуда **Iехориг** и хьаста **хуург ву**.*

***ХьагI** йерг – **кIилло**, йахь йе**рг** – **къонах**.*

*Цкъа йаздинарг – дети, шозза йаздинарг – деши.*

***Чукаре йоцург** гергарло **дац.***

6. Причастин маьIнехь деепричасти йолу цIеран хIоттаман сказуеми а йолу предложенеш. Цу тайпана йолу предложенеш хьалха йагарйинчарах къаьста даима хоттам шеца хиларца, масала:

*Ас аьлларг дан дезаш ду, цааьлларг дан ца дезаш ду.*

*Вистинарг ларван везаш ву, верстинарг ларвала везаш ву.*

7. билгалдашца йа кхидолчу къастаман маьIнехь йолчу дешан формица (масала, причастица) цIеран хIоттаман сказуеми йолу предложени, масала:

*Шена цахуург дуьйцург Iовдал ву.*

*Хьоьца селхана дов динарг вехна ву.*

*Тешаме воцург кхераме ву.*

*Ахьа цааьлларг дайна ду.*

*Хьунар – сов, гай – нийса.*

*Чов цайевзинарг экаме хуьлу.*

*8.* ЦIеран хIоттаман сказуемин гIоьнан хандош сказуемин хьокъехь, ткъа цIеран хIоттаман коьрта компонент подлежащин хьокъехь лела предложени, масала*:*

*ХIора дешан шен **рагI йу.***

*Шен сил мерза **хIума дац**.*

*Iожаллин **бIаьрса дац**.*

9. ЦIеран хIоттаман предикатан хьокъехь куцдешнаш йа кхиболу латтамаш болу номинативни конструкцин предложенеш, масала:

*Хьан **хIуманаш чохь йу.***

*Хьан **киншкаш** ахь йе**хккинчохь йу**.*

**Предложенин аффективни конструкцеш**

Нохчийн меттан традиционни грамматикехь къастайо предложенийн пхи конструкци:

1) номинатив

2) эргатив

3) генатив

4) датив

5) локатив

Ткъа царах аффективни лору тIаьхьар кхо конструкци: генатив, датив, локатив. Уьш аффективни лараран бахьана ду церан хандош – сказуеми хаадаларан йа синхаамийн, йа кхеторан, йа лаамийн, йа таронан хандош хилар.

1. Генативни предложени лору подлежащи доланиг дожарехь лаьтта предложени. Цу предложенин конструкцин хандош-сказуеми – цIердаш тIе схьадаьлла хандош кхетарца кхолладелла чолхе хандашах ду.

*Сан сагатло* ← **са**$_{\text{цIердош}}$**+гат→готта**$_{\text{билгалдош}}$**+ло←дала**$_{\text{хандош}}$

*Цуьнан сакъерало*

2. Дативни предложени лору подлежащи лург дожарехь лаьтта предложени.

*КIантана йоI хазахета.*

*Суна Даймохк беза.*

3. Локативни предложени лору подлежащи меттигниг дожарехь лаьтта предложени.

*КIантана латта ахкало.*

*Соьга хIума ца йаало.*

И конструкцеш шен Ю. Д.Дешериевс а «Сравнительно-историческая грамматика нахских языков и проблемы происхождения и исторического развития горских кавказских народов, Грозный ,I963» ц1е йолчу балха т1ехь тIечIагIйо.

Амма, вай лакхахь билгал ма-даккхара, Х.Б Навразовас а шен (Чеченский язык: описательный и сравнительно-типологический анализ простого предложения) , А.И. Халидовс а шен (Типологический анализ чеченского простого предложения) белхашкахь и предложенеш номинативни йу аьлла къастийна. Цунна цара даладо кху тайпана тоьшаллаш:

1. **Датив**. *КIантана йоI йеза*.

Дативни конструкцин предложенешкахь *датив-кIантана* субъект хилча, цуьнгахь даран маьIна цахиларал сов, цуьнгахь бац хаадаларан йа синхаамийн, йа кхеторан, йа

лаамийн, йа таронан хаамех цхьа а. Ткъа *йоI* бохучу дашца хандош-сказуемино бартбар, иза гергарчу объектаца бартбар дац, ма-дарра аьлча, кхечуьнга ца йовлучу предложенешкахь ма-хиллара (йукъахь нийса кхачам а боцуш) хандош-сказуемино подлежащица бартбар ду. Вайна ма-гарра сказуемино подлежащица барт бина грамматически классехь.

2. **Генатив**. *Сан сагатло.*

Генативни конструкцехь билггал къаьсташ ду, цуьнан подлежащи посессивни цахилар. Дукхахьолахь посессивни-хьал гойтучу предложенешкахь лела цIердашна тIе схьадаьлла хандош кхетарца кхолладелла чолхе хандош-сказуеми.

*Сан сагатло.* ← **са**цIердош+**гат**→**готта**билгалдош+**ло**←**дала**хандош

Амма вай схемехь ма-гайттара, чолхе хандош дешдакъошка декъча, вайн билгалдолу цу чолхечу хандешан хIоттамехь, орфографин принципаца хандашах дIаийна цIерниг дожарехь лаьтта цIердош.

И цIердош подлежащи хиларан тоьшалла ду кху тайпана йолу предложенеш:

*Сан корта лозу.*

*Сан дог тохало.*

Ткъа генативни форма цу конструкцехь коьртаза меже йу.

3. **Локатив**. *КIанте латта аххало.*

Массо а локативни предложенешкахь лела «аххало» - тайпа схьадаьлла чолхе хандош-сказуеми. Ткъа вайна ма-гарра, и хандош кхечуьнга ца долу хандош ду. Кхечуьнга ца долу хандош-сказуеми доминирующи хандош долчу предложенехь подлежащи цIерниг дожарехь бен хила йиш йац.

Иштта локативни конструкци а, цуьнца цхьаьна генативни а, дативни а предложенин конструкцеш номинативни конструкцешна йукъа йогIу.

## 1. Предложенин эргативни конструкци

**Предложенин эргативни конструкци**

Эргативни конструкцин предложени – иза эргативни (дийриг)дожарехь лаьтташ подлежащи а долуш, шена чохь нийса кхачам а болуш, цуьнца барт бен сказуеми а йолуш предложени йу.

1) эргативни конструцин предложенийн подлежащи хилла лела дийриг дожаран цIердош, цIерметдош йа цIеран маьIна къуьйлу кхидолчу къамелан декъан форманаш. Эргативни конструкцин предложенийн подлежащи даима дийриг дожаран

форманехь хуьлу. И подлежащи хила тарло предложенехь э**ксплицитни** (билггал) , масала:

*Трактористо тхан керт аьхна.*

йа **имплицитни** (билггал доцуш, амма кхеташ долуш), масала:

*Тхан керт аьхна.*

2) эргативни конструцин предложенийн подлежащин дожар дозуш хуьлу хандош-сказуемица.

3) эргативни конструцин предложенешкахь объектан маьІнехь лела цІерниг дожаран форманаш, дийнна карчам йа тІетуху предложени, масала:

*Дас кхин и ма де элира соьга.*

*Вашас соьга дийцира, ша кхуза муха кхаьчна.*

Эргативни конструцин предложенеш кхечуьнга йовлуш хуьлу.

Ткъа коьрта эргативни конструцин предложенийн билгало йу подлежащи эргативни (дийриг) дожарехь лаьтташ хилар.

Нохчийн меттан дийриг дожаран шайн форманташ-гайтамаш бу.

Дийриг дожаран форманташ хІорш йу: **-а, -с, -о[уо];**

Цу кеппара эргативни конструкцехь подлежащи хилла лела, коьрта долчу декъана, дийриг дожаран цІердешнаш а, цІерметдешнаш а, лааме билгалдешнаш а, лааме терахьдешнаш а, лааме причастеш а.

Вай лакхахь хьаха ма-дарра, эргативни конструкцин предложенийн подлежащи билггал хуьлу, масала:

*Дас гІаж йиттира цунна.*

иштта подлежащи элиминированни (кхеташ) хила а тарло, масала:

*Дас йиттира цунна.*

Эргативни конструкцин предложенешкахь нийса кхачам лаьтта цІерниг дожарехь, масала:

*Дешархоша бешахь дитташ дийгІира.*

*Нанас мерза кхача кечбина.*

Эргативни конструкцин предложенешкахь сказуемино барт бо нийсачу кхачамца грамматически классехь а, терахьехь а, нагахь санна шегахь и категореш хилахь, масала:

**а) классехь барт бар**

**в-б**

*ЙоІа кІант вуьйцу.*

*ЙоІа кІентий буьйцу.*

**й-б**

*КIанта йоI хелхайоккху.*

*КIанта мехкарий хелхабоху.*

**д-д**

*Нанас бер дуьлу..*

*Нанас бераш дуьлу.*

**б-б**

*БIаьхоша толам баькkхи.*

*БIаьхоша толамаш бехи.*

**б-д**

*Бабас хьокхам ботту.*

*Бабас хьокхамаш дотту.*

**б) терахьехь барт бар:**

классийн префикс хийцайаларца

*ЙоIа зезаг доккху*

*ЙоIа зезагаш доху.*

**лл-хк**

*Зудчо йетт дIалоллу.*

*Зудчо бежнаш дIалохку.*

**а-ов**

*Светафоро машен сацайо.*

*Светафоро машенаш совцайо.*

**орамаш хийцабаларца**

*ТIамо адам доь.*

*ТIамо адамаш доъу.*

Амма дуккха долчу хандешнашкахь классни гайтам а, терахьан категори йац, масала:

*Нанас шен беран дог хьосту.*

*Бабас пешахь жижиг кхорзу.*

*Илланчо илли олу.*

*Йишлакхархочо йиш локху.*

Иштта долу масалш шортта ду нохчийн меттан синтаксисехь. Цу кеппара сказуемино нийсачу кхачамца грамматически классехь а, терахьехь а бартбар эргативни конструкцин коьрта билгало йу аьлла къастор, нийса хир ду аьлла ца хета.

Амма нохчийн маттахь цхьа масал ду эргативни конструкцехь сказуемино-**кхайкха (чукхайкха, схьакхайкха, дІакхайкха** и.кх.дІ.) лач кхачамца барт беш:

*Дас кхойкху хьоьга.←Дас кхойкху хьо*.

ЦІерниг дожаран форма эргативни конструкцехь нийса кхачам, номинативни конструкцехь подлежащи хила тарло дела, цунах абсолютив аьлла

Эргативни конструкцехь нийса кхачам - цІерийн а, цІерметдешнийн а абсолютивехь къастийна ца Іа. Цуьнан хьокъехь лела тарло тайп-тайпана дешан форманаш а, цхьацца карчамаш а, грамматически агІоне диллича, цІераш а йоцуш, амма семмантически царна метта хила йиш йолуш:

1) къамелан дар гойту тІедожаран хандешнаш, масала:

*Нанас цуьнга ша йолчу вола элира*.

2) тІедилларан а, дехаран а, цхьа хІума даран йа дехкаран маьІна лело хандешан билгалза кеп, масала:

*Нанас ша волчу ван тІедиллира цунна.*

*Вашас суна и дан дихкира.*

3) масдар, масала:

*Нанас ша йолчу вар тІедиллира цунна.*

4) предложенин «йаржийна» меженаш – цу карчамашкахь коьртачу дашо-хандашо семантико-синтаксически агІонхьара объектан маьІна гойту, цундела предложенин синтаксически толлуш, нийса кхачам бу аьлла къасто беза, масала:

*Ас цуьнга со кхуза муха кхаьчна элира.*

5) чолхе-карарчу предложешашкара къастаман тІетуху предложенеш, амма и предложенеш синтаксически таллам беш нийса кхачам бу аьлла къасто мегар дац, амма иштта йолчу предложенеша шегахь объектан маьІна къуьйлу, масала:

6)

*Ас цуьнга элира, со кхуза муха кхаьчна.*




*Дас дийхира цуьнга, кхо-диъ де а ца доккхуш, дІа ма гІахьара аьлла.*

